

# Anplwaye Transfòmasyon Vyann ak Volay yo

Bagay ou ka fè nan travay ak lakay ou pou pwoteje kont COVID-19

Vèsyon aksesib: <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/community/organizations/meat-poultry-processing-workers-employers.html>




## RETE LAKAY OU si ou malad.

- Rete nan yon sèl pyès epi lwen lòt moun nan kay ou tout kantite tan ou kapab.
- Pale avèk yon doktè ak sipèvizè w konsènan [lè ou kapab retounen travay](#).

## Sentòm pou ou siveye yo:

- Lafyè
- Tous
- Souf kout oswa difikilte pou respire
- Frison
- Doule nan misk
- Vin pa ka pran gou oswa pran sant
- Malgòj



## Eseye kenbe 6 pye lwen lòt moun nan travay ak an piblik.

- Evite rete pre lòt moun nan vestyè kazye yo, zòn poz, koulwa, ak nan antre ak sòti yo.
- Rete lwen lòt moun lè w ap pale.
- Pa pataje bwason oswa manje avèk kòlèg travay yo.

## Mete yon [pwoteksyon figi an twal](#) sou bouch ak sou nen ou pandan ou nan espas travay la oswa an piblik.

- Mete pwoteksyon ou an yon fason ki sere, men ki konfòtab, sou kote figi ou.
- Lè w ap retire pwoteksyon ou an, eseye pou pa touche zye, nen, oswa bouch ou, epi apre sa lave men w touswit.
- Lave oswa ranplase pwoteksyon figi an aprè ou fin itilize l.
- Ranplase pwoteksyon figi an lè li mouye oswa sal.
- Eseye kenbe 6 pye lwen lòt moun menm si ou mete yon pwoteksyon figi an twal.
- Kontinye mete ekipman pwoteksyon pèsònèl (Personal Protective Equipment, PPE) ki egzijib pou travay nòmal ou.



[cdc.gov/coronavirus](https://www.cdc.gov/coronavirus)



**Pa touche zye, nen, oswa bouch ou:**

- Ak men ki pa lave
  - Pandan ou mete gan
  - Pandan w ap regle oswa retire pwoteksyon figi oswa linèt sekirite ou yo
- 

**Lave men ou avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn oswa sèvi avèk yon dezenfektan pou men abaz alkòl ki gen omwen 60% alkòl ladan:**



- Avan ak aprè peryòd travay oswa poz yo
  - Aprè ou fin mouche nen w, touse, oswa etènye
  - Apre itilizasyon twalèt
  - Anvan ou manje
  - Anvan ak aprè preparasyon manje
  - Aprè ou fin mete, touche, oswa retire pwoteksyon figi an twal yo
- 



**Kouvri tous ak etènye ou.**

- Kouvri bouch ou ak nen ou avèk yon klinèks oswa andedan koudbra ou.
- Jete klinèks ize yo nan fatra.
- Lave men w oswa itilize dezenfektan pou men touswit aprè ou fin etènye oswa touse.